



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIVANSYON POU SÈT PWOGRAM KI KONEKTE FÈM YO AK LEKÒL YO (FARM-TO-SCHOOL PROGRAM) POU BENEFISYE PRÈSKE 300 000 ELÈV ATRAVÈ TOUT ETA A

Yo te akòde sibvansyon 500 000 dola pou ogmante itilizasyon pwodwi alimantè lokal nan lekòl yo

Finansman an sipòte Agrandisman Pwogram New York Lèjedi a (NY Thursdays)

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde sibvansyon 500 000 dola pou sèt pwojè Farm-to-School la yo (pwogram ki konekte fèm yo ak lekòl yo) atravè tout Eta New York pou ogmante itilizasyon pwodwi alimantè yo kiltive lokal yo pou ofri nan meni lekòl yo. Pwojè yo, ki te finanse atravè Pwogram Farm-to-School Eta a, pral benefisye prèske 300 000 elèv nan rejyon Lwès New York, Southern Tier, Mohawk Valley, Long Island ak Vil New York. Pwogram nan sipòte agrandisman Pwogram NY Thursdays a, ki se yon inisyativ kantin nan lekòl yo ki sèvi ak pwodwi alimantè frèch ki sot nan fèm lokal yo, lè jedi pandan tout ane lekòl la.

Gouvènè Cuomo te di: “Pwogram Farm-to-School sa yo se yon sitiyasyon gayan-gayan ki sipòte kiltivatè New York yo epi li ede asire timoun nou yo gen aksè a pwodwi ki bon pou lasante, yo kiltive lokal. Sa se yon lòt pa annavan nan objektif pou vin gen yon vil New York ki pi solid epi ki pi an sante pou tout moun.”

Yo te akòde finansman an pou distri lekòl ak òganizasyon edikasyon ki sèvi elèv ki nan Jadendanfan jiska 12èm ane (Grade 12). Yo pral itilize sibvansyon yo pou yo anboche kowòdinatè pou pwogram Farm-to-School lan yo, bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, bay edikasyon sou nitrisyon nan salklas ak kafeterya yo, achte ekipman pou ede nan preparasyon manje, epi ogmante valè ak varyete danre espesyalite lokal yo, tankou fwi ak legim, nwa, ak epis, yo mete nan manje kantin lekòl yo.

Pwojè ki te resevwa sibvansyon toupatou nan Eta a gen ladan yo:

Rejyon Lwès New York

Cornell Cooperative Extension of Niagara County (Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Niagara), 69,328 dola

Finansman pral sipòte Pwojè Farm-to-School nan Konte Niagara a, qui sèvi 28 272 elèv. Yo pral itilize finansman pou anboche yon kowòdonatè Farm-to-School pou yo travay avèk toule 10 distri lekòl nan Konte Niagara yo pou bay anplwaye yo fòmasyon sou jan pou yo fè apwovizyonman epi sèvi ak danre espesyalite nan pwogram kantin

lekòl la yo.

East Aurora Union Free School District (Distri Lekòl Inyon Lib East Aurora), 25,906 dola

Finansman pral benefisye 1,800 elèv ki nan twa distri lekòl atravè acha ekipman ki pral ede anplwaye yo prepare manje yo fè ak pwodwi yo te achte nan men kiltivatè lokal yo.

Southern Tier

Rural Health Network of South Central New York (Rezo Sante Riral South Central New York), 89,023 dola

Finansman an pral sipòte Pwogram Farm-to-School nan Southern Tier la, ki benefisye 10,199 elèv yo nan senk distri lekòl toupatou atavè Konte Broome ak Tioga yo. Yo pral itilize fon yo pou idantifye epi achte danre espesyalite ki sòti nan fèm ki sètifye nan pwogram Pratik Bon Agrikilti USDA a (USDA's Good Agricultural Practices, GAP). Yo pral itilize l tou pou fè amenajman nan ekipman ak konsepsyon kafeterya yo, ki sou menm liy ak rechèch Sal Katin Entèlijan Cornell la (Cornell Smarter Lunchroom), epi pèmèt Distri a mete yon pwogram NY Thursdays an aplikasyon.

Mohawk Valley

Cornell Cooperative Extension of Oneida County (Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Oneida), 86,000 dola

Yo pral itilize Finansman pou anboche yon kowòdonatè Farm-to-School pou yo travay avèk kiltivatè nan Konte Oneida, Herkimer ak Madison yo pou founi mayi dous ak pwa vèt bay 20 distri lekòl nan Oneida-Herkimer-Madison BOCES (Board of Cooperative Educational Services). Pwojè sa a pral benefisye 22,000 elèv.

Long Island

Southampton Union Free School District (Distri Lekòl Inyon Lib Southampton), 94,863 dola

Finansman pral sipòte Pwojè Farm-to-School East End lan, ki benefisye 1,650 elèv ki nan twa distri lekòl la yo. Yo pral itilize l pou anboche yon kowòdonatè Farm-to-School, pou bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, bay elèv yo edikasyon sou nitrisyon, ak entegre plis danre espesyalite yo pwodwi onivo lokal nan pwogram kantin lekòl la yo.

Greenport Union Free School District (Distri Lekòl Inyon Lib Greenport), 68,820 dola

Finansman sibvansyon an pral sipòte Pwogram Farm-to-School distri Nurturing Links' North Fork la. Pwojè sa a benefisye sis distri lekòl ak 4,000 elèv. Yo pral itilize finansman yo pou yo anboche yon kowòdinatè Farm-to-School a tan pasyèl pou bay anplwaye sèvis manje yo fòmasyon, entwodwi plis pwodwi lokal nan meni lekòl yo, epi ogmante konesans elèv yo genyen sou pwodwi alimantè lokal yo. Yo pral itilize yon pòsyon nan finansman sa yo tou pou achte ekipman pou kafeterya lekòl yo.

Vil New York

New York City School District (Distri Lekòl Vil New York), 100,000 dola

Yo pral itilize fon yo pou anboche yon Kowòdonatè Farm-to-School yo pou ede lekòl nan Bronx yo achte plis danre espesyalite yo kiltive onivo lokal. Kowòdonatè Farm-to-School la pral ede planifye meni an epi ede edike elèv yo sou danre espesyalite yo sèvi nan pwogram Garden-to-Café a ak pwogram kantin NY Thursdays a yo. Gen plis pase 222,000 elèv ki nan lekòl nan Bronx yo pwojè sa a pral benefisyè.

Pwogram Farm-to-School la se yon eleman enpòtan nan efò Eta ap kontinye fè pou ogmante kantite pwodwi alimantè frèch, ki kiltive onivo lokal yo sèvi nan kantin lekòl yo epi konekte kiltivatè New York yo ak nouvo mache yo. Depi 2015, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets) te yon patnè nan pwogram NY Thursdays a ki pote pwodwi alimantè yo kiltive onivo lokal yo dirèkteman bay elèv ki nan lekòl Vil New York yo chak Jedi. Ane sa a, Depatman an te ede NYC SchoolFood nan kad agrandisman ki te fèt nan pwogram li an pou yo ajoute 100 pousan vyann bèf anmbègè New York nan meni kantin lekòl la yo. Yo akòde sibvansyon pou pwojè de (2) Farm-to-School ane sa a, k ap ede distri lekòl yo replike ak ranfòse pwogram NY Thursdays a nan Rejyon Nò New York ak nan Bronx.

Sa a se dezyèm tou finansman yo te akòde atravè Pwogram Farm-to-School Eta New York la, sa k ap fè kantite total yo deja investi nan pwogram nan rive 850,000 dola. An 2015, yo te akòde yon total sibvansyon 350,000 dola bay sis pwojè Farm-to-School. Pwojè sa yo te benefisyè 45 distri lekòl nan Rejyon Lwès New York la, Mohawk Valley, Capital Region, North Country, Southern Tier ak Finger Lakes. W ap jwenn yon lis pwojè ki te resevwa sibvansyon pou ane 2015 lan [isit la](#).

Anplis de asistans finansye a yo, resous edikasyon sou entènèt yo disponib kounye a pou lekòl ak òganizasyon yo k ap participante aktyèlman nan yon inisyativ Farm-to-School ak sila yo k ap chache mete pwogram lan an aplikasyon. [Pote Pwodwi Alimantè Lokal nan Lekòl New York yo \(Getting Local Food Into New York State Schools\)](#), se yon twous pou gide lekòl yo atravè tout pwosesis nan kad apwovizyonman pwodwi alimantè lokal la yo. Anplis de sa, [Twous Sezon Rekòt Mwa \(Harvest of the Month toolkit\)](#) ofri estrateji pou kòmanse epi fè pwomosyon pou kanpay Sezon Rekòt Mwa a, yon kanpay ki mete aksan sou yon diferan pwodwi alimantè ki kiltive onivo lokal ki nan kafeterya lekòl la chak mwa atravè materyèl edikasyonèl ak aktivite tankou afich, demonstrasyon sou kijan pou kwit manje, ak tèst gistatif yo. Ou ka jwenn resous sa yo sou sitwèb Farm-to-School Eta a [isit la](#).

Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la (New York State Office of General Services, OGS) te yon patnè ki enpòtan anpil nan kad agrandisman pwogram Farm-to-School la yo atravè pwogram Pilòt USDA a. OGS te anonse resaman lekòl distri atravè tout eta yo te pran angajman pou dedye omwen 2,5 milyon dola nan fon Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) a te akòde yo an vè Pwojè Pilòt ajans federal pou Apwovizyonman Fwi ak Legim ki pa transfòme (Pilot Project for the Procurement of Unprocessed Fruits and Vegetables) pandan ane akademik 2016-17 la. Investisman sa yo reprezante yon ogmantasyon 400 pousan nan angajman 500 000 dola lekòl yo te pwomèt pou ane 2015-16 la.

Pwogram pilòt la kòmanse avèk sis distri lekòl ki angaje a peprè 10 000 dola nan fon USDA yo pou achte fwi ak legim ki pa transfòme, ki gen ladan yo tranch pòm, bwokoli konjele ak salad fèy miks. Pou ane 2016-17, nimewo sa a ogmante a omwen 235 distri,

ki gen ladan yo nan distri lekòl inyon lib yo ak BOCES nan 48 konte yo.

Komisè Depatman Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball te di: “Inisyativ Farm-to-School la konsène nouri timoun nou yo ak manje ki gen pi bon gou, ki pi frèch, ak pi bon pou lasante, edike yo sou konbyen li enpòtan pou yo manje byen, epi konekte fèm New York yo ak nouvo kliyan. Nou konnen elèv ki pi an sante yo se elèv ki travay pi byen, epi yon endistri agrikilti solid vle di yon ekonomi ki pi solid, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l mete priyorite sou pwogram sa a.”

Komisyone Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te di: “Atravè pwogram Farm-to-School la, Eta New York la te kreye yon sitiyasyon gayan-gayan ki sipòte alafwa fèm yo, ekonomi an, ak timoun yo. Lè nou founi manje ki gen anpil nitrisyon nan lekòl yo, sa ka ede elèv yo aprann epi entwodwi abitud ki montre yo jan pou yo manje sa ki bon pou sante yo, ki ka dire pou tout lavi yo.”

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, RoAnn M. Destito te di: “Inisyativ Farm-to-School Gouvènè Cuomo a yo ap ede elèv yo aprann abitud ki montre jan pou yo manje sa ki bon pou sante yo pandan y ap benefisye kiltivatè yo, distribitè yo, ak vandè pwodwi ki kiltive onivo lokal yo. Nou kontan anpil pou n wè yo mete finansman adisyonèl sa a disponib ansanm ak angajman lekòl yo ap pran deplizanpli atravè tout New York, lekòl sa yo ap patisipe nan pwogram pilòt USDA pou apwovizyonman fwi ak legim ki pa transfòme, yon pwogram OGS fyè pou l jere nan non Eta a.”

Prezidan Komite Agrikilti Sena, Patty Ritchie te di: “Bon jan nitrisyon se yon eleman konstitif majè pou moun rete an sante. Se sa ki fè li enpòtan pou tout moun manje fwi ak legim frèch, ki gen nitrisyon – sa menm pi enpòtan ankò pou timoun nou yo k ap grandi. Lè gen pwodwi alimantè frèch ki kiltive onivo lokal yo disponib nan lekòl nou yo, nou ap non sèlman amelyore sante elèv nou yo, men tou nou ap agrandi mache a pou fèm yo k ap travay di nou yo, epi estimile endistri agrikilti a. Mwen te toujou fyè pou defann finansman sa a epi mwen swete li ankouraje lekòl nou yo mete manje ki frèch, ki bon pou lasante nan sal kantin lekòl yo pou timoun nou yo.”

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Bill Magee te di: “Inisyativ Farm-to-School la enpòtan pou mwen ak anpil nan kolèg mwen yo, epi li ajoute sou efò nou te fè deja yo pou pwomouvwa acha pwodwi alimantè New York yo. Mwen atann pou elèv nou yo gen aksè a plis fwi ak legim lokal, epi konekte fèm yo ak nouvo mache yo.”

Cathy Lovejoy Maloney, ki se Direktè Egzekitif Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) nan Konte Niagara a te di: “Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Niagara santi nou onere pou nou resevwa sibvansyon sa a. Finansman sa a nou byen bezwen an pral ini aktivite Farm-to-School ki genyen atravè tout Konte Niagara yo lè yo devlope yon sistèm apwovizyonman estriktire ak pwogram edikasyon eksperyansyèl ki konsepsyone pou amelyore edikasyon timoun nou yo. An gwo, inisyativ Farm-to-School yo pral pwomouvwa sante kominote nou yo epi ranfòse sistèm alimantè lokal nou an.”

Mark D. Mambretti, ki se Direktè Evalyasyon, Egzamen ak Sibvansyon pou Distri Lekòl East Aurora (East Aurora School District) te di: “Antanke yon Distri lekòl riral ki gen plis pase 60 fèm nan yon distans 15 mil, nou pa te rankontre pwoblèm pou nou

jwenn apwovizyonman pwodwi lokal yo men nou te jwenn pwoblèm nan kapasite nou pou trete ak prepare yo nan yon fason efikas. Avèk ekipman an nou pral kapab achte yo akòz de sibvansyon Farm-to-School la akòde a, nou pral ogmante kapasite East Aurora pou prepare danre espesyalite yo nan yon fason ki efikas, efektif epi atiran anpil, pou plis pase 1,800 elèv ki nan distri nou an yo.”

David Gamberg, Direktè Distri Lekòl Inyon Lib Greenport la (Greenport Union Free School District) te di: “Nan non konsòsyòm sis lekòl distri ki sou North Fork Long Island lan, Mwen kontan anpil paske nou se youn nan sèlman yon ti group benefisyè ki te resevwa sibvansyon Farm-to-School la. Nou ap atann ak enpasyans pou anpil opòtinite pou agrandi sante ak byenèt elèv, pèsònèl ak fanmi nou yo ki nan chak lekòl respektif nan kominote nou yo.”

Erin Summerlee, Direktè Rezo Manje ak Sante (Food and Health Network) South Central New York la te di: “Sibvansyon sa a pral ede ekip chanpyon Farm-to-School nou an achte plis pwodwi alimantè lokal epi kreye pon koneksyon ant salklas yo ak kafeterya yo. Nou kontan anpil pou nou travay ak Sèvis Manje konte Broome-Tioga BOCES (Broome-Tioga BOCES Food Service), Distri lekòl lokal yo, fèm yo ak distribitè yo pou nou devlope yon meni pou NY Thursdays epi ede agrikilti rejyon nou an pwospere.”

Pwogram Farm-to-School la te vin posib gras a finansman atravè Bidjè 2016-2017 Eta New York la (FY 2016-2017) ansanm ak Pwogram Blòk Danre Espesyalite Depatman Agrikilti Etazini an (Department of Agriculture’s Specialty Crop Block Program). Yo te anonse l pou lapremyè fwa an 2015 kòm rezilta pwogram Kapital pou yon Jounen Gouvènè a nan Rochester a (Governor’s Capital for a Day in Rochester) kote otorite leta yo te rankontre ak patnè lokal yo pou yo egzamine bezwen distri lekòl yo ak kijan pou rann li pi fasil pou yo achte pwodwi alimantè lokal yo.

###